



## Amebyaz

### Kisa amebyaz ye?

Amebyaz se yon enfeksyon yon parazit (*Entamoeba histolytica*) bay. Nan ka ki grav yo, li ka lakòz dyare ak san.

### Ki siy/sentòm pou amebyaz?

Sèlman 10 a 20 pou san moun ak amebyaz ki gen sentòm. Si gen sentòm, yo kapab se dyare, gaz, vant fè mal ak megri. Poupou a ka genyen san, flèm, oubyen pi. Nan ka ra a yo, parazit la ka gaye nan lòt kote nan kò a.

### Kouman amebyaz simaye?

Moun pran parazit la nan manje mikwòb la. Sa ka rive nan sa ou manje oubyen bwè dlo ki kontamine, oubyen pran kontak ak poupou yon moun ki gen enfeksyon an. Aktivite seksyèl kote ka gen kontak ant bouch ak poupou ka gen pou rezilta enfeksyon tou. Yon moun ka simaye parazit la menm lè li pa genyen okenn sentòm.

### Kouman nou ka anpeche amebyaz?

Nou ka anpeche amebyaz sispann simaye lè nou pratike bon jan ijyèn epi pa manje oubyen bwè dlo lè nou pa konnen kote yo soti.

#### Kèk prensip jeneral se:

- Toujou lave men nou byen ak savon ak dlo anvan nou manje, anvan nou prepare manje, apre nou fin sèvi ak twalèt, apre nou chanje kouchèt oubyen nou fin ede lòt moun sèvi ak twalèt.
- Pa bwè dlo san trete ki soti nan letan, lak ak ti rivyè. Dlo a ka parèt klè men li kapab kontamine ak watè moun. Si se sèlman dlo san trete ki disponib, bouyi li pou 1 minit anvan nou sèvi ak li. Anpil grenn pou pirifye dlo pa travay kont parazit sa a.
- Byen lave tout fwi ak legim nou manje kri.
- Si ou ap okipe you moun ak amebyaz, fwote men ou ak anpil savon ak dlo apre ou fin ede yo ale nan twalèt. Jete tout materyèl ki te ka kontamine ak poupou. Toujou lave men ou apre yon kontak konsa.
- Zòn yo ki pa gen bon sanitasyon gen pi gwo risk pou amebyaz. Moun ki ap vwayaje nan zòn sa a yo dwe sèlman bwè dlo oubyen sèvi ak glas ki soti kote ki pwòp (tankou dlo nan boutèy). Yo pa dwe bwè lèt ak manje pwodui ki fèt ak lèt, fwi ki pa kwit (sof si nou ka kale yo), salad ak legim kri. Yo ta dwe evite tou manje machann nan lari yo ap vann.
- Toujou sèvi ak pwoteksyon tankou barikad dantè nan aktivite seksyèl ki mande kontak matyè fekal-oral (poupou-bouch).

**Kontinye**

### **Kouman pou mwen konnen si mwen gen amebyaz?**

Si ou sispèk enfeksyon (baze sou sentòm, kontak, oubyen istwa vwayaj), ale wè yon doktè. Doktè ou la pral teste yon echantyon pou pou. Li ka nesèsè pou yo refè tès sa a yo de-twa fwa nan jou ki diferan.

### **Kisa tretman pou amybyaz la ye?**

Yon doktè ka bay remèd pou trete enfeksyon sa a.

### **Ki pi bonè apre yon moun fin antre an kontak ak parazit left arm pou enfeksyon rive?**

Enfeksyon yo dabitid rive ant 1 a 4 semèn apre kontak. Kèk fwa, sa ka pran pi lontan.

### **Konbyen tan yon moun ki enfekte ka pote parazit sa a?**

Yon moun ki enfekte ak amebyaz ka pote parazit la pandan plizyè semèn, mwa oubyen lane. Yon moun bezwen tretman pou debarase ak parazit sa a.

### **Èske genyen okenn règleman pou moun ak amebyaz?**

Wi. Paske amebyaz ka pase de yon moun a yon lòt, doktè ak laboratwa nan Boston gen obligasyon pou rapòte tout ka amebyaz ba Boston Public Health Commission an.

Pou ka pwoteje piblik la, moun ak amebyaz ki ap travay nan biznis ki gen rapò ak manje pa dwe vin travay jiskaske dyare pase epi yo gen yon echantyon pou amebyaz ki negatif. Biznis ki gen pou wè ak manje se restoran, boutik pou sandwich, makèt, lety, izin pou transfòmasyon manje ak lòt ankò. Règleman sa a genyen tou tout moun ki ap travay nan lekòl, pwogram rezidansyèl, gadri, ak sant medikal ki bay kliyan manje, swen bouch, oubyen bay medikaman.

